# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

उच्चतम न्यायालय के मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकान्त नौजवानन के सुलभ अउर सही न्याय के क्षेत्र में आगे बढ़े खातिर प्रेरित कइले हवें। उहां के कहलीं कि नौजवान न्यायायिक सेवा में आके आत्ममंथन अउर ज्ञान के बल पर लोगिन खातिर सुलभ न्याय सुनिस्चित करे। मुख्य न्यायधीश आजु लखनऊ क डॉक्टर राम मनोहर लोहिया विधि विश्वविद्यालय क दीक्षांत समारोह के बतौर मुख्य अतिथि संबोधित करत रहले। उहां के डिग्री पावे वाले नौजवानन से कहलीं कि सुलभ न्याय से न्याय व्यवस्था बदे लोगिन क विस्वास बढ़ी। समारोह क अध्यक्षता करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि दिक्षांत समारोह में विद्यार्थियन के जवन डिग्री मिली रहलि हौ ऊ उनके जीनगी के नया दिसा देई। समारोह के इलाहाबाद उच्च न्यायालय के मुख्य न्यायधीश अरूण भंसालियो संबोधित कइलें। येह मौका पर बीस मेधावियन के पदक दिहल गइल जबकि तीन सौ नौ विद्यार्थियन के उपाधि मिलल।

**********

मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आजु कानपुर में आयोजित एगो सम्मान समारोह में हिस्सा लेवे खातिर पहुंचले। समारोह के संबोधित करत उहां के कहलीं कि चुनाव लोकतंत्र क नेई होला अउर ओह से सकुसल सम्पन्न करावल मुख्य चुनाव आयुक्त क जिम्मेदारी हौ।

**चुनाव लोकतंत्र की नीव होते है भारत का मुख्य चुनाव आयुक्त होने के नाते ये मेरी जिम्मेदारी होती है कि भारत की मतदाता सूची को बनाना, चुनाव कराना, भारत के हर नागरिक को मतदाता सूची में उसका नाम डालना और अत्यधिक सुगमता के साथ दुनिया के सबसे बड़े चुनाव कराना।**

कार्यक्रम के बाद संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि चुनाव आयोग खातिर न कवनो पक्ष हौ अउर ना ही विपक्ष ओकरे बदे सज्जो समकक्ष हौ। उहां के भरोसा दियवलीं कि बिहार में हो रहल चुनाव पारदर्सिता क चीन्हा बनी।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार बाइस सितंबर के वस्तु अउर सेवाकर–जीएसटी दरन में कटौती के साथे जीएसटी बचत उत्सव क सुरुआत कइले रहले । येह से पूरा देस के नागरिकन के फायदा मिलि रहल हौ। आजु हम आप के बता रहल हईं कि नया पीढ़ि के जीएसटी सुधारन से अर्थव्यवस्था के कइसे बढ़ावा मिलि रहल हौं।

**नए कर ढांचे के अंतर्गत सरकार ने मछली के तेल, अर्क और संरक्षित उत्पाद, फिशिंग गियर और डीजल इंजन पर जीएसटी दर को घटाकर 5 प्रतिशत कर दिया है। जीएसटी 2.0 में सरकार ने अराकू काफी, चमड़े की कठपुतली कला और पत्थर पर नकाशी से जुड़े विशिष्ट उत्पादों पर भी जीएसटी दर 12 प्रतिशत से घटाकर पांच प्रतिशत कर दी है। सरकार ने तिपहिया वाहनों, छोटी कारों और 350 सीसी तक इंजन क्षमता वाले मोटरसाइकिलों पर भी जीएसटी दर घटा कर 18 प्रतिशत कर दी है। इससे वाहनों की कीमत कम हुई है।दृष्टि के साथ सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

यूपी बोर्ड बरिस दुइ हजार छब्बीस क दसवीं अउर बारहवीं क परीक्षा क सुचिता अउर विस्वसनीयता सुनिस्चित करे बदे परीक्षा केन्द्रन क निरधारण क मानक तय कई दिहल गइल हौ। केन्द्र निरधारण क पुरहर कार्रवाही दस नवंबर से तीस दिसंबर ले आनलाइन जरिया से पूरा कइल जाई। बोर्ड की ओर से आनलाइन चुनल गइल केन्द्रन क प्राम्भिक सूची सत्ताइस नवंबर ले जारी कइल जाई। हर जिला में जिलाधिकारी के अध्यक्षता में बनावल गइल जनपदीय केन्द्र निर्धारण समिति अउर तहसील स्तरीय सत्यापन समिति पुरहर प्रक्रिया क निगरानी करी।

**********

आवे वाला सात अपरैल से प्रदेस में दुइ गो अउरियों वंदे भारत ट्रेन चली। एगो ट्रेन लखनऊ से कानपुर खातिर चलावल जाई त दुसरकी बनारस से प्रयागराज होके खजुराहो ले चली। दुन्नो ट्रेन सोम्मार के छोड़ के हप्ता क बाकी छौ दिन्न चली।

**********

येह बेरि देव दीपावली के मौका पर बनारस के घाटन कुंड अउर सरोबरन के तट पर दस लाख से बेसी दीया बारल जाई। पांच नवंबर के होखे वाले येह आयोजन के लेके बनारस में जोर–सोर से तइयारी चलि रहल हौ। दीया, तेल अउर बाती बटले क कार सुरू हो गइल हौ। येह कार्यक्रम के सफल बनावे बदे जिला परसासन के ओरि से बीस गो सेक्टर बनावल गइल हौ। कार्यक्रम क जनकारी देत प्रदेस सरकार क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयबीर सिंह बतवलें कि येह बेरि आठ मिनट क एगो 'लेजर सा' आयोजित कइल जाई जेकरे जरिया से काशी क इतिहास अउर संस्कृति अ दिव्यता क प्रस्तुति कइल जाई। एकरे अलावा विश्वनाथ धाम में गंगा दुआर के सामने देर संझा राति आठ बजे ग्रीन आतिसबाजियों कइल जाई।

**********